

# SPS QUARTERLY

NAN KREYÒL AYISYEN

Stamford Public Schools | Stamford, CT

Sezon ivè 2023

Byenvini nan SPS Quarterly Sezon Ivè 2023 a, yon piblikasyon ki te kreye pou enfòmasyon òganizasyon kominotè ak patnè nou yo, manm ak anplwaye Konsèy Minisipal yo, òganizasyon reljye, lidè biznis yo ak kominote a an jeneral sou sa k ap pase nan Stamford Public Schools.



Dr. Tamu Lucero  
Superintendent,  
Stamford Public Schools

## Bidjè Fonksyònman 2023-24

Stamford Public Schools te prezante bidjè fonksyònman 2023-24 li te pwopoze a bay Konsèy Edikasyon an dènyèmman. Distri a mande yon ogmantasyon 3.98 pousan pou ane fiskal 24 la, akòz kwasans prim swen sante yo, ogmantasyon pri gaz ak kabiran, ak depans ki gen rapò ak edikasyon espesyal. Bidjè yo pwopoze a pèmèt nou kenbe tout pwogram ak sèvis aktyèl yo san nou pa ajoute nouvo inisyativ.

Pou aprann plis sou bidjè fonksyònman yo pwopoze pou ane fiskal 24, tcheke fèy enfòmasyon an, FAQ, ak dokiman detaye sou bidjè a [la a](#). Mwen ankouraje w tou pou w [gade prezantasyon](#), Direktè Finans Ryan Fealey te fè pandan Konvèsasyon Kominotè ke Konsèy Stamford PT a te òganize an janvyè.

N ap mande fanmi yo ak kominote a pou sipòte bidjè fonksyònman yo pwopoze a pou SPS kapab kenbe pwogram ak sèvis pou plis pase 16,200 elèv nou yo.



## Apèsi Distri a: Konparezon Depans yo

Depans pou chak elèv an 2021-22 : Konte Fairfield<sup>^</sup>

Distri	Enskripsyon	NCEP			
1. Redding	1,215	\$26,621	11. Fairfield	9,359	\$21,581
2. Greenwich	8,378	\$26,311	12. Norwalk	11,881	\$21,396
3. Weston	2,208	\$24,262	13. New Fairfield	2,081	\$21,314
4. Sherman	387	\$24,170	14. Stamford	16,034	\$20,679
5. Westport	5,278	\$24,149	15. Newtown	4,073	\$20,035
6. Darien	4,708	\$23,180	16. Bridgeport	18,972	\$18,748
7. Wilton	3,715	\$22,980	17. Stratford	7,068	\$18,721
8. Ridgefield	4,564	\$22,394	18. Monroe	3,377	\$17,837
9. New Canaan	4,154	\$22,164	19. Trumbull	6,772	\$17,628
10. Easton	1,303	\$21,953	20. Bethel	3,126	\$17,507

<sup>^</sup>Done pou Danbury ak Shelton poko disponib.

**SPS klase 14<sup>yèm</sup> nan depans pou chak elèv**

2021-22 Depans parapò ak Mwayèn Eta a\*

	Stamford	Mwayèn Eta a	Eka
Enstriksyon	\$192,435,956	\$184,126,493	\$8,309,463
Sèvis Sipò	\$53,294,953	\$54,823,218	(\$1,528,265)
Biwo Santral	\$4,537,575	\$10,086,295	(\$5,548,720)
Transpò ak Operasyon	\$43,317,662	\$41,708,083	\$1,609,579
Sòm	\$293,586,146	\$293,586,146	

Konpare ak Mwayèn Eta a, SPS Depanse:

- 5% PLIS sou ansèyman
- Nan limit 1% sou Sèvis Sipò
- 45% MWENS nan Biwo Santral


# Enskripsyon Lekòl pou 2023-24



Li difisil pou kwè, men li lè pou [enskri](#) elèv yo pou ane lekòl 2023-24 la! Timoun ki abite nan Stamford e ki ap gen senkan 1ye janvyè 2024 oswa anvan, elijib pou kòmanse jadenanfan nan Stamford Public Schools nan mwa Out.

Tanpri ankouraje tout moun ki gen yon timoun ki elijib pou klas jadenanfan pou enskri pi vit ke posib. Enskripsyon antisipe pèmèt nou jere pi byen enskripsyon yo ak anplwaye yo pou ane k ap vini an. Klike [la a](#) pou plis enfòmasyon.

## Sondaj sou Klima 2022-23



Youn nan priyorite estratejik nou yo se asire ke lekòl nou yo enklizif epi sipòte tout elèv yo, fanmi yo, pwofesè yo ak anplwaye yo.

Tout lekòl nou yo deja travay pou amelyore klima lekòl la nan bilding yo, epi administratè yo ta dwe pataje enfòmasyon sou efò sa yo ak fanmi yo.

Y ap mande fanmi yo pou yo konplete Sondaj sou Klima 2022-23 la soti 20 pou rive 31 mas. Sondaj anyèl sa a ede nou konprann kalite relasyon ant lekòl yo e pou konnen si elèv nou yo, fanmi yo ak anplwaye nou yo santi yo byenvini epi alèz nan bilding yo. Y ap kominike lyen sondaj la atravè mesaj chak semèn mwen an ak anplwaye lekòl la, òganizasyon paran yo, ak patnè kominotè yo.

Tanpri ankouraje tout fanmi SPS pou yo ranpli sondaj sa a, paske li bay fidbak ki ede nou amelyore pwogram ak sèvis nou yo.

## Kalandriye 2023-24

Adopted by Stamford Public Schools

July						
Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat	Sun
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30	31			

August (2 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30	31			

November (18 Days)						
Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat	Sun
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30					

December (16 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				

March (20 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				

April (16 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30					

Nov. 7: Election Day, no school students, PD  
 Nov. 10: Veterans Day, no school  
 Nov. 22: All Early Release  
 Nov. 24-25: Thanksgiving recess, no school  
 Dec. 13-15: All District - Early Release/Conferences  
 Dec. 22: Early Release, no school  
 Dec. 26-30: Winter Recess, no school  
 April 10: Eid al-Fitr, no school  
 April 15-19: Spring Recess, no school

Nan dat 24 janvyè, Konsèy Edikasyon Stamford la te apwouve Kalandriye Distri 2023-24 la.

Ane pwochèn, lekòl yo ap fèmen pou obsève jou ferye federal ak relijye sa yo: Fèt travay, Yom Kippur, Jounen Columbus, Jou Veteran, Jou Aksyon de Gras, Jou Nwèl, Joudlan, Jou Martin Luther

King, Jr. Jou Prezidan, Vandredi Sen, Eid-al-Fitr, ak Jou Memoryal.

Kalandriye 2023-24 ki apwouve a disponib pou wè oswa telechaje [la a](#).

## Planifye Vizit Medikal pitit ou a

Is your teen's birthday coming up? Schedule their yearly physical now.

Yearly physicals, also known as well-child visits, are important to make sure your teen is up-to-date on vaccines and check on their growth. Appointments for physicals fill up quickly around the start of school. Don't delay, schedule their physical now.

Plus, students in 6th and 9th grade are required to complete a physical for school.

For more information, please scan the QR code or call 203-977-5385.

Department of Health  
Safeguarding the Public's Health

Tout elèv k ap antre nan klas matènèl, 6yèm ak 9yèm ane nan sezon otòn 2023 yo, oblije pase yon egzamen medikal anyèl. Depatman Sante Stamford la ankouraje paran yo pou yo pwograme vizit medikal anyèl pitit yo alantou anivèsè nesans yo olye pou yo tann jiskaske li nesèsè pou lekòl la.

Fanmi ki pa gen pedyat ka itilize sant sante pou elèv ki bay sèvis konplè e gratis ki nan Westhill, Stamford High, Cloonan, Dolan/Toquam ak Rippowam/AITE pou kontwòl medikal anyèl pitit yo a. Sant sante sa yo, ki opere an patenarya ak Family Centers, ouvri pandan lè lekòl yo. Pou plis enfòmasyon oswa pou w enskri pou w itilize sant sante yo, klike [la a](#) oswa gade [depliyen](#) sa a.

## Pwogram Admisyon Otomatik CT (CAAP)



Gen bon nouvèl pou elèv SPS ki vle pouswiv edikasyon apre segondè. An 2021, Asanble Lejislativ Connecticut la te etabli kondisyon pou Pwogram Admisyon Otomatik Connecticut la (CAAP). Gras ak CAAP, yo ka aksepte elèv lekòl segondè ki kalifye yo otomatikman nan kolèj ak inivèsite Connecticut k ap patisipe yo.

Klas 2023 a se premye gwoup ki kalifye pou CAAP. Pou plis enfòmasyon, vizite [pòtal CT](#) a oswa paj wèb [Connecticut State Colleges & Universities \(CSCU\)](#).

## Amelyore Prezans ak Angajman



Prezans regilye nan lekòl amelyore rezilta akademik yo. Biwo pou Devlopman Lekòl la ap travay avèk Biwo Sèvis pou Jèn

nan Vil Stamford pou amelyore kapasite nou pou kontwòle ak amelyore prezans elèv yo, epi ekip lekòl yo ap reyini regilyèman pou egzamine done prezans yo epi kreye estrateji pou atenn absanteyis yo.

Anplis de sa, nouvo Biwo Aksè ak Opòtinite a ap travay ak lekòl yo epi patnè kominotè yo pou ogmante angajman ak prezans elèv lekòl segondè yo. Objektif alontèm nan se pou amelyore koneksyon ant lekòl la gras ak etablisman relasyon ak pwogram sipò pou elèv yo.

## Dwa pou Li



An 2021, kò lejislatif Connecticut la te adopte yon lwa sou "Dwa pou li" ki egzije yon apwòch alfabetizasyon nan tout eta a ki baze sou Syans Lektè.

Apati sezon Otòn 2023, distri yo pral oblije kòmanse aplike youn nan sèt modèl pwogram detid lekti eta a apwouve yo. Stamford Public Schools deja etidye epi mete an aplikasyon Eleman Syans Lektè a, epi n ap devlope yon plan lekti konplè pou klas matènèl kòm yon pati nan travay verifikasyon pwogram detid nou an. Nou gen konfyans ke plan alfabetizasyon pou jèn nou an ap reponn ak egzijans Dwa pou Li yo.

## Konstwi pou Lavni

Nan kad Plan Prensipal Alontèm pou enstalasyon, n ap kontinye soumèt plan konstriksyon lekòl yo bay eta a pou apwobasyon ak plasman sou lis priorite Depatman Sèvis Administratif la.

Ranbousman Plan Westhill High School la te apwouve an Desanm 2021, epi pwojè rekonstrikasyon Roxbury a te ajoute antanke lekòl K-8 te ajoute nan lis priorite eta a an Desanm 2022. Gras a Delegasyon Stamford nou an nan Hartford, to ranbousman eta a pou pwojè sa yo ap 60%.

Kounye a n ap travay sou demann konstriksyon yon nouvo lekòl K-8 nan South End.

## Sibvansyon pou Kalite lè HVAC anndan lokal la

Konsèy Edikasyon an, an kolaborasyon ak Vil Stamford la, te soumèt aplikasyon bay Eta Connecticut la pou Sibvansyon pou Kalite Lè HVAC anndan lokal la ki disponib pou pwojè lekòl leta yo.

Si demann nou yo apwouve, vil la ka resevwa jiska \$14 milyon ranbousman pou pwojè chofaj, vantilasyon, klimatizasyon ki enkli nan Plan Prensipal enstalasyon alontèm nan.

N ap remèsye Direktè Enstalasyon nou yo, Sibvansyon ak OPM, Biwo Majistra a ak manm Konsèy Minisipal nou yo pou sipò yo nan aplikasyon sa a.



## Chanjman nan Konsèy Edikasyon (BOE)

Mwen vle pran yon ti moman pou swete byenvini a Lisa Butler, Michael Hyman, ak Versha Munshi-South ki te eli nan [BOE](#) a an Novanm 2022.

Mwen vle adrese remèsiman ak rekonesans mwen tou bay Jennienne Burke, Dan Dauplaise, Ben Lee, ak Nic Tarzia pou sèvis yo rann Konsèy Edikasyon an ak Stamford Public Schools.

### MANM KONSÈY EDIKASYON

Non	Tit
Madam. Lisa Butler	Sekretè Asistan
M. Fritz G. Chery	Sekretè
M. Joshua Esses	Prezidan Fiskal ak Palmantè
M. Andy George	Vis Prezidan ak Prezidan Komite Travay
Doktè Rebecca Hamman	Prezidan Komite Politik
Madam. Jackie Heftman	Prezidan
M. Michael Hyman	Prezidan Operasyon
Madmwazèl. Versha Munshi-South	Prezidan TLC

*\*Remake ke gen yon chèz li lib kounye a*



### Oka ou te rate li...

- Dènyèman, Biwo Angajman Fanmi ak **Kominote a te òganize Konpreyansyon Pratik Reparatriis: Yon Atelye pou Fanmi**. Pratik Reparatriis favorize yon klima lekòl pozitif lè yo bay priyorite ak relasyon e ak lyen nan yon kominote lekòl. Anpil lekòl SPS itilize pratik reparatriis. Pou wè yon anrejistreman atelye a, klike [la a](#).
- [Rapò Anyèl SPS Kominote](#) 2021-22 a disponib sou Entènèt pou wè oswa telechaje.
- [Plan Estratejik Distri SPS](#) 2022-2027 la dekri objektif ak priyorite nou yo pou senk ane k ap vini yo ak fason nou pral mezire siksè nou. Mèsi ak pwofesè yo, administratè yo, anplwaye sipò yo, gwoup paran yo, gwoup kominotè yo ak ofisyèl eli yo ki te konsakre tan yo nan plan sa a.
- Sezon Ivè a ka pwovoke [fèmti, reta, ak ranvwa bonè akòz](#) move tan. Fanmi yo ta dwe asire yo ke kowòdone yo kòrèk nan [PowerSchool](#) la pou yo ka resevwa mesaj sou fèmti ak reta.



Mèsi paske ou te li. Vizite [sitwèb](#) nou an pou plis enfòmasyon sou Stamford Public Schools epi klike [la a](#) pou w ka abòne nan Mesaj chak semèn Sipèentandan, SPS Trimestriyèl, ak lòt avi ki soti nan Stamford Public Schools.